



Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRIM POU DEVLOPMAN EKONOMIK POU
RANFÒSE ENDISTRI FABRIKASYON SEMIKONDIKTÈ NAN REJYON NÒ NEW
YORK LA**

Otorite Enèji New York la apwouve prim pou Edwards, ki se yon lidè mondyal nan ekipman vakyòm ak rediksyon nan endistri semikondiktè a, sa ki ankouraje 212 milyon dola nan investisman kapital ak kreye plis pase 340 djòb

Ekspansyon konpayi an pote yon eleman enpòtan nan pwosesis fabrikasyon semikondiktè a nan rejyon Nò Eta New York la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Konsèy Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) te apwouve prim devlopman ekonomik bay Edwards—yon lidè mondyal Britanik nan ekipman vakyòm ak rediksyon nan endistri semikondiktè a epi ki fè pati Atlas Copco Group—ki pral ankouraje plis pase 212 milyon dola nan investisman kapital, kòm premye faz yon pwòje global k ap koute 319 milyon dola, epi kreye 343 djòb. Gouvènè Hochul anvan sa [te anonse](#) desizyon konpayi an pou konstwi yon nouvo etablisman nan Pak Fabrikasyon Avanse pou Syans ak Teknoloji (Science & Technology Advanced Manufacturing Park, STAMP) nan Lwès New York nan Konte Genesee an novanm 2022.

"Aparisyon nò Eta New York kòm yon sant mondyal pou manifakti avanse ap ankouraje investisman transfòmatif san parèy k ap bay travay demen yo pou mendèv ki gen anpil talan nan New York la", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè yo bay konpayi sa yo zouti ak sipò yo bezwen pou yo pwospere, New York ap avanse eritaj inovasyon li yo ak solidifye tèt li kòm yon lidè nan endistri semikondiktè a."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare, "Garanti patnè kle nan chèn apwovizyonman pou endistri semikondiktè k ap grandi nan New York la ede asire ke yo pral devlope teknoloji dènye kri isit la nan New York. Enèji idwoletrik NYPA jwe yon wòl enpòtan nan atire fabrikasyon prensipal yo nan eta nou an epi li ede garanti investisman nan gwo echèl pandan y ap kreye travay ki byen peye."

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Hope Knight, te deklare, "Atire patnè chèn apwovizyonman yo nan endistri

semikondiktè a se yon bagay enpòtan pou konstwi yon ekosistèm ki pi solid nan Eta New York e nou kontan fè patenarya ak NYPA ak lòt ajans eta yo pou asire ke Eta New York se pi gwo pozisyon pou endistri sa a ak anpil bon travay yo pral pote."

John R. Koelmel, Prezidan Otorite Enèji New York la, te deklare, "Prim devlopman ekonomik yo apwouve nan reyinyon jodi a pral avanse objektif Lwa Klimatik anbisyè New York la epi ranfòse pozisyon eta a kòm yon lidè mondyal nan fabrikasyon semikondiktè a. Pwojè Enèji Niagara (Niagara Power Project) lye ak plizyè dizèn milye djòb nan Rejyon Lwès New York epi li ap alimante tranzisyon New York nan direksyon yon ekonomi enèji pwòp."

Nan reyinyon jodi a, konsèy Otorite Enèji New York (NYPA) la te apwouve yon alokasyon 4.9 megawat (MW) enèji idwolik Niagaranan pri ki ba pou Edwards pou sipòte konstriksyon yon etablisman fabrikasyon ponp vakyòm sèch nan sit Pak Fabrikasyon Avanse pou Syans & Teknoloji (STAMP) a. Anplis, konsèy NYPA a te apwouve 2.1 MW kouran Faktè Chaj Elve ke NYPA pral bay pou Edwards sou mache enèji a.

Kouran idwolik bon mache Niagara a disponib pou konpayi yo ki nan yon reyon 48 kilomèt de Pwojè Kouran Niagara Otorite Enèji a oswa biznis yo ki nan Konte Chautauqua. Kouran idwolik Niagara a lye ak plizyè dizèn milye travay ki la deja nan rejyon an.

Edwards ap prepare pou konstwi yon kanpis 240,000 pye kare ki pral gen ladan fabrikasyon, depo, ak administrasyon nan lokal STAMP lan. Ponp vakyòm sèch yo se yon eleman enpòtan nan pwosesis fabrikasyon semikondiktè a, epi ekspansyon konpayi an ta dirèkteman sipòte konpayi semikondiktè yo k ap agrandi operasyon yo nan Etazini.

Empire State Development (ESD) deja ofri jiska 21 milyon dola sou fòm konbinezon Kredi Taks Excelsior Jobs, Kredi Taks pou Envestisman ak yon 1 milyon dola anplis pou sipòte Devlopman Mendèv ak fòmasyon yon Mendèv Divèsifye ak Enklizif nan echanj pou 600 nouvo travay apentant nan lokal la.

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Anons jodi a se yon lòt etap kle pou Edwards Vacuum k ap fè yon gwo investisman ki plis pase 300 milyon dola nan Nò Eta New York, k ap founi Konte Genesee ak 600 djòb ki byen peye. Soti nan gwo investisman Micron nan New York Santral ak nouvo izin Wolfspeed nan Marcy, pou rive nan Onsemi ki pral byento kòmanse nan Hudson Valley ak GlobalFoundries k ap konstwi yon nouvo izin nan Rejyon Kapital la, epi kounye a Edwards k ap anplifye chèn apwovizyonman semikondiktè nou an nan sit STAMP Lwès New York la, Lwa sou CHIPS ak Syans mwen an ap sèvi Nò Eta a nan yon gwo fason epi fè New York in yon sant mondyal pou endistri pis la. Mwen te fyè pouse Edwards Vacuum pou konsidere chwazi STAMP pou lokalize nouvo izin yo a, epi mwen kontan yo te reponn ak apèl mwen an, e ke anons jodi a pa gouvènè a pral mennen nou nan yon etap pi pre pou reyalize investisman sa a."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Ranfòse chèn apwovizyonman pou pis semikondiktè nou an lokalman pa sèlman vle di plis travay, men tou, revitalizasyon endistri manifakti nou an. Mwen apresye devouman Gouvènè Hochul pou asire yon ekonomi rejyonal solid lè li fè investisman sible nan inovasyon lokal yo."

Endistri Semikondiktè kap Grandi nan New York la

Gouvènè Hochul te anonse tou 45 milyon dola pou GO SEMI, ki te anonse nan kad Diskou sou Sitiyasyon Eta 2023 la, apre anons istorik Micron ki fè konnen ke li pral investi 100 milya dola pou konstwi pi gwo etablisman fabrikasyon memwa nan mond lan nan Clay, ki nan Konte Onondaga, New York. Yo estime investisman an pote jiska 50,000 djòb nan rejyon New York Santral la e li te rive posib gras ak Lwa Federal sou CHIPS ak Syans lan ak Lejislasyon Green CHIPS New York la, ke Gouvènè a te siyen an 2022. Nouvo biwo a pral dirije pa Empire State Development an, ak ekipe ak ekspè ki soti nan Depatman Deta (Department of State, DOS), Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (Energy Research and Development Authority, NYSERDA), Depatman Travay (Department of Labor, DOL), Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), NY CREATES, Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA), Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal HCR) ak Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY). GO SEMI ap dirije epi santralize efò pou mete anplas pwojè Micron an; devlope epi fè règleman yo pwogrese pou atire sektè semikondiktè a ak chèn apwovizyonman li a; kowòdine devlopman mendèv ak investisman kominotè ant patnè lokal, eta, federal, ak prive yo; dirije efò pou kreye, atire epi konsève mendèv wotman kalifye ki nesèsè yo; epi sipòte devlopman ini ki konsantre sou prensip kwasans entelijan yo.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York ki Alatèt Peyi a

Ajanda klimatik Eta New York la k ap mennen nan nasyon an fè apèl ak yon tranzisyon ki kòrèk epi ki jis ki kreye travay ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ak enèji pwòp ki pi agresif nan nasyon an, New York se sou yon chemen pou reyalize yon sektè elektirisite zewo emisyon disi 2040, ki gen ladan pwodisyon enèji renouvlab 70 pousan an 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an nan mitan syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 35 milya dola nan 120 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.8 milya dola nan angajman NY Green Bank yo. Investisman sa yo ak lòt sipòte plis pase 165,000 djòb nan sektè enèji pwòp New York la an 2021 ak yon kwasans 2,100 pousan nan sektè solè distribiye a depi 2011. Pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè tèmik ak amelyore kalite lè a, New York te adopte tou règleman veyikil san emisyon, ki gen ladan egziye pou tout nouvo machin pasaje yo ak kamyon yo vann nan Eta a gen zewo emisyon disi 2035. Patenarya yo ap kontinye avanse aksyon klimatik New York la ak prèske 400 Kominote Entelijan pou Klima ki

anrejistre ak 100 sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo kominote inisyativ siveyans lè kominotè Eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede lite kont polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418